# THE SEMANTICS OF PHRASEMAS IN THE ISSUE OF GENDER

**Turabaeva F. Q**
Lecturer at Karakalpak State University

**Annotation:** The article discusses the definitions of the concept of gender by a number of scientists, as well as the fact that the concept of gender is understood as a social construct, without expressing the differences in biological properties between man and woman. The article focuses on the analysis of the concept of gender in the work of a number of foreign scientists and discusses the role of genes in linguistics.

**Keywords:** Gender, gender, linguistics, androcentrism, social construction, genderology, linguoculturology, gender phraseology.

## ГЕНДЕР МӘСЕЛЕСИНДЕ ФРАЗЕМАЛАР СЕМАНТИКАСЫ

**Турабаева Ф.Қ.**
Қарақалпақ мәмлекетлик университети оқытыўшысы

**Аннотация.** Мақалада гендер түсинигине бир қатар илимпазлар тәрепинен берилген анықламалар, соның менен бир бирге гендер түсинигиниң ҳаял ҳәм ер адам арасындағы биологиялық сыпаттағы айырмашылықларды билдирип қоймастан, социаллық конструкт сыпатында түсинилиўи ҳаққында сөз етиледи. Мақала бир қатар шет ел илимпазларының мийнетлериндеги гендер түсинигиниң анализлеўине қаратылып, гендердиң лингвистикада тутқан орны ҳаққында сөз етиледи.

**Таяныш сөзлер**: гендер, жыныс, лингвистика, андроцентризм, социаллық конструкт, гендерология, лингвокультурология, гендер фразеологиясы.

Гендер мәселеси соңғы ўақытларда көпшилик тараўлардағы изертлеўшилерди қызықтырып келмекте. Гендерлик өзгешеликлерди бир қанша қызықлы түсиндирип өткен этнолог Клод Леви-Стростың пикиринше, гендерлик мәселеси шәртли түрде мәденияттан мәдениятқа өтип отырады. Айрым халықларда аўыл хожалығы жумыслары менен ҳаяллар, ал, айырымларында еркеклер шуғылланады. Гейбир халықларда аўыр жумысларды ҳаяллар ислейди,

ал еркеклер тек бала тәрбиясы менен шуғылланады. Сонлықтан да, Леви-Строс гендерлик хызметти биологиялық емес, мәдений себеплер менен түсиндиреди. Ал, Гендер теориясы бойынша танылған Кэрол Гиллиган ерлер менен ҳаяллардың мораллық айырмашылығын көрсеткен американы социолог Кольбергтиң пикирин бийкарлайды.

XX әсирде гендер мәселесиниң раўажланыўы ҳәм илимий айналысқа енгизилиўи бул мәселениң биологиялық детерменизмнен социаллық конструктивизмге айланыўына тийкар болды. Егер XX әсирдиң басында жыныс өзгермейтуғын, ҳаял ҳәм еркек арасындағы психологиялық және социаллық өзгешеликти анықлаўшы категория ретинде қаралған болса, XX әсирдиң ақырында жыныс ҳәм гендер қәлиплесиўши категория сыпатында үйренилеген. Бул өзгерислерге социаллық-тарийхый өзгерислер менен илимий жетискенликлер себеп болды. Ҳәзирги дәўирге келип гендер кең мәнили түсиникке айланды. Бул мәселени терең илимий изертлеўши алымлардың бири Н.И.Абубикирова: «гендер – тек ғана түсиник емес, ал стратегиялық-концепция, оған толық ҳәм бир жақлама анықлама бериў қыйын ҳәм бул жағдай гендер түсинигиниң өзгешелигин көрсетеди, - деп жазады. Тил билими тараўында гендер мәселеси фраземалар семантикасында да айрықша көзге тасланады. Егер гендер мәселеси социаллық тараўдың бир көриниси сыпатында жәмийетлик институтлардың көпшилигин қызықтырса, тил билими тараўында фраземалар семантикасында да гендер концепциясы айрықша көзге тасланады.

Заманагөй илим тараўында инсан санасы менен дүньяны билиўдиң өзине тән өзгешеликлерин үйрениўде жаңа стильлик факторлар алға сүрилгенде изертлеўшилер дүньяның ҳәр түрли тәреплерин (физикалық, илимий, философиялық, концептуал) ажыратып көрсетеди. Олардың арасында лингвистикалық өзгешеликлер айрықша қызығыўшылық пайда етпекте. Белгили илимпаз Ю.Д.Апресян [1. 37-67]. дүньяның лингвистикалық картинасын «реал дүньяның субъектив-объектив көриниси» деп тәриплейди. Бул идея тилдиң когнитив хызметиниң нәтийжеси болып, топланған тәжирийбени концептуалластырады. Оның тилдиң қурамында пайда болыўы арқалы миллий пикир ҳәм мәдeният өзине тән сәўлелениўин табады. Ж.Н.Масловтың монографиясында жазылғанындай «дүньяның лингвистикалық көриниси тек ғана объектив ҳақыйқатты, соның менен бирге инсан санасы тәрепинен жаратылған дүньяның көплеген жаңа көрнислерин де сәўлелендиреди» [2. 420].

Сондай-ақ, бүгинги күнде гуманитар пәнлер тараўларында да гендер мәселелерин изертлеўге үлкен итибар қаратылмақта. Усы тараўдың изертлеў бағдарларының методологиясы ҳәм концептуал аппараты ислеп шығылмақта. Бул болса гендер мәселесиниң дерлик барлық гуманитар тараўларда, соның ишинде

тил билими тараўына да масласыўына жәрдем береди. Гендер изертлеўлердиң жеделлик пенен раўажланыўы концепциясының өзи гендер түсинигиниң көп мәнили екенлигин көрсетеди.

Көпшилик изертлеўшилер гендер концепциясының басқа гуманитар тараўларға қарағанда көбирек лингвистика тараўындағы изертлеўлерге арнаўлы тема болып атырғанлығын айтып өтеди. Бул бағдардағы биринши изертлеўлер Батыс мәмлекетлеринде, роман-герман тиллери материаллары тийкарында пайда болған. Тилди гендер мәселелери көз-қарасларынан изертлеген дәслепки изертлеўши Р.Лакофф болып, ол өзиниң «Тил ҳәм ҳаяллардың орны» (Язык и место женщины) мийнетинде «ҳаяллар тили» (женский язык) атамасын биринши рет қолланады. Бул мийнет тилдиң андроцентлик қурылысын ҳәм дүньядағы ҳаял көринисиниң тилдеги ҳақыйқатлығын тастыйықлайды.

Дүньяда социаллық гендер түсинигиниң пайда болыўы Гайл Рабин, Джоан Скотт, Моник Виттиг ҳәм тағы басқа да антропологлар тәрепинен үйренилип, олардың бул бағдардағы көз-қараслары гендерлик минез-қулық ҳәм характерди қәлиплестириў, санаға ол ҳаққындағы идеяларды сиңдириў бир қатар факторлар: тәлим, мийнетти бөлистирилиў, социаллық ҳәм басқарыў институтлары менен байланыслы деген түсиниклерге тийкарланады. Жәмийетлик изертлеўлердиң ҳәр бир бағдары гендердиң социаллық қурылмасының анаў ямаса мынаў бөлимине қаратылған болып, бул усы концепцияда, атап айтқанда бөлиниў компонентин ажыратып көрсетиўге мүмкиншилик береди [3. 144]. Бул концепцияның көп тәрепли дүзилиси жәмийетлик қатнасықлар ҳәм иерархия ушын да қолланылады. Буннан сондай жуўмаққа келиўимиз мүмкин, гендер оғада қурамалы ҳәм анық емес түсиник болып, социаллық тараўды үйрениўде көп өлшемли параметр сыпатында сәўлеленеди.

Россиялы алымлар гендерлик изертлеўлерди раўажландырыў бойынша еки түрли көз-қарасты алға сүреди. Әсиресе, Н.Л. Пушкареваның мийнетлери Россияда гендер изертлеўлердиң дәслепки басқышындағы қыйыншылықларды басып өткен жағдайда, жәмийетлик билимлердиң арнаўлы парадигмасына айланды ҳәм тил билимин есапқа алмағанда оның дерлик барлық тараўларда үйренилгенлигине исеним билдиреди. Соның менен бирге С.А.Ушакин ишки гуманитар билимлерге гендер түсинигиниң туўры келмейтуғынлығына ишара етип, бул изертлеўшилердиң пикирине бола оның «өгейлиги» себепли Батыс терминологиясынан экстраполяция етилиўи ҳаққындағы пикирин билдиреди.

Гуманитар пәнлердиң тийкарғы ағымында гендер түсинигин анализ етиўдиң көплиги ҳаққында Р.Хоф: «Гендердиң ҳәр қандай тәрийпи усы концепциядағы тийкарғы илимий қызығыўшылықты оятыўы керек» - деген пикирди билдиреди. Тил билими тараўы тәрепинен қабыл етилген гендердиң

социо-конструктивлик түсиниги усы конструкцияның еки: социаллық ҳәм психологиялық тәрепине итибар қаратады. Булар гендердиң социо-конструктивлик тәбиятын дурыс аңлап ҳәм түсиниўге хызмет етеди. А.В.Кирилинаның пикиринше улыўмалық мәниде тил билиминде гендерди үйрениўдиң еки машқалалы тәрепи бар. Булар:

1. Тил ҳәм онда гендердиң сәўлелениўи. Бул бағдардың мақсети ҳәр түрли жыныстағы адамлардың бар екенлигиниң тилде қандай сәўлелениўин классификациялаў ҳәм түсиндириў (биринши нәўбетте номинатив система, лексика, синтаксис ҳәм жыныс категориясы ҳәм т.б. үйрениледи). Ер адамлар қандай өзгешеликке ҳәм баҳаға ийе, ҳаял-қызлар қандай семантик тараўларда сезилерли өзгешеликте сәўлеленеди.

2. Ерлер ҳәм ҳаял-қызлардың аўызеки ҳәм пүткил коммуникативлик сыпатлары, лекикалық бирликлерден гендерге сәйкес таңлаў, айрықша табысларға, нәтийжелерге ерисиў жоллары, сөз байлықларын таңлаўдағы өзгешеликлер, синтаксислик қурылмалар ҳәм т.б. Яғный ер адам менен ҳаяллар арасындағы өзине тән өзгешеликлердиң билдирилиўи.

Гендер мәселесине тийисли барлық лингвистикалық изертлеўлер өз-ара байланыслы ҳәм бири-бирин толықтырады. Солай болса да, тил билиминде лингвистикалық гендерологияның раўажланыўы бойынша бир қатар тийкарғы бағдарларды ажыратып көрсетиўге болады. Булар: 1. Социал ҳәм психологиялық; 2. Лингвокультуралогиялық; 3. Коммуникатив-дискурсивли.

Лингвокультуралогиялық бағдарда ер ҳәм ҳаял стереотиплери ҳәм олардың тилдеги көринислери, оларды қолланылыўдың өзине тән өзгешеликлерин үйрениў, мәдений түсиниклердиң тилдеги сәўлелениў өзгешеликлерин үйрениў бойынша бир қатар жумыслар алып барылмақта. Ер адам, ҳаял-қызлар ҳәм гендер метофорасы, бунда жынысқа тийисли мәденият өзгешеликлериниң барлық жыйындысын гендерге мәдениятлар-аралық қатнасыққа байланысы болмаған ҳәдийселерге көширилиўин билдиреди.

Жергиликли тил ҳәм гендер машқалаларын үйрениўшилер андроорайлық социаллық қатнасықлар себепши болған гендер стереотиплери ҳәм симметрик болмаған мәселелерге үлкен дыққат қаратады. Сондай-ақ, бир қатар илимий мийнетлерден алынған мағлыўматлар ҳәм базы-бир тиллердеги андроорайлық жағдайлар жетерли дәрежеде анық сәўлелендирилмеген деген жуўмаққа келиўимизге мүмкиншилик жаратады.

Улыўма алғанда, қарақалпақ ҳәм инглис тил билиминде гендер концепциясын салыстырмалы үйренилиў алдымыздағы актуал темалардың бири болып табылады.

**Әдебиятлар**:

1. Апресян Ю.Д. Образ человека по данным языка: попытка системного анализа // Вопросы языкознания. 1995. №1. – С. 37-67.
2. Маслова Ж.Н. Когнитивная концепция поэтической картины мира. Монография. – М.: ФЛИНТА, 2012. – 420 с.
3. Пушкарева Н.Л. Гендерная теория и историческое знание. — СПб.: Алетейя, 2007. – С. 144.
4. Телия В. Н. Русская фразеология. Семантический, прагматический и лингвокультурологический аспекты. – М.: Языки русской культуры, 1996. – 288 с.
5. Воронцов, Д. В. Гендерная психология общения. – Ростов н/Д. : Изд-во ЮФУ, 2008. – 208 с.
6. Хоф Р. Возникновение и развитие гендерных исследований // Пол. Гендер. Культура. М., 1999.
7. Кормильцева А.Л. Гендер во фразеологии. – Елабуга, 2020. – С. 63.